



# Konnen Dwa Ou: Si ICE Vizite Lakay ou

Tout moun k ap viv Ozetazini, ki enkli imigran ki pa gen papye, gen sèten dwa Konstitisyonèl Ameriken. Si ou pa gen papye epi ajan imigrasyon (ICE) frape nan pòt ou, konnen ke ou gen dwa sa yo:

**Ou pa oblige ouvri pòt la.** Ou pa oblige ouvri pòt la oswa kite ofisyè yo antre lakay ou amwenke yo gen yon manda pèkizison valid ki siyen pa yon jij.

**Yon manda depôtasyon ICE** se pa menm bagay ak yon manda pèkizison. Si sa se sèl dokiman yo genyen, yo pa ka antre legalman amwenke ou dakò vèbalman pou kite yo antre.

Si ofisyè yo di yo gen yon manda pèkizison ki siyen pa yon jij, mande yo pou glise l'anba pòt la oswa leve l'bò yon fenèt pou w ka wè l.

Si non manda a pa gen pou non ou ak adrès ou sou li epi li pa siyen pa yon jij, ou pa oblige ouvri pòt la oswa kite yo antre.

Si a yon pwen ou deside pale ak ofisyè yo, ou pa bezwen ouvri pòt la pou fè sa. Ou ka pale ak yo atravè pòt la oswa soti deyò epi fèmen pòt la.

Ou gen dwa pou fè silans. Ou pa oblige pale ak ofisyè imigrasyon yo oswa reponn okenn kesyon.

Si yo mande w ki kote ou fè oswa kijan ou te antre Ozetazini, ou ka refize reponn oswa fè silans.

**Si w chwazi fè silans**, di "Mwen chwazi rete an silans."

Ou ka montre yon **kat konnen dwa ou** (Anglè) (kreyol ayisyen) a ofisyè a ki eksplike ke w ap rete an silans epi ou swete pale ak yon avoka.

Ou ka refize montre papye idantite ki di nan ki peyi ou soti.

Pa montre okenn fo dokiman epi pa bay manti.

**Ou gen dwa pou pale ak yon avoka.** Si yo kenbe w oswa yo mete w an gadavi, ou gen dwa pou pale ak yon avoka epi resevwa yon apèl telefòn de avoka ou. Mande yon kopi Manyèl pou Prizonye pou konprann règleman Sant Detansyon yo.

Menm si ou pa gen yon avoka, ou ka di ofisyè imigrasyon yo ou vle pale ak youn.

Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou pale ak li. Si ou te siyen yon fòm Fòm G-28 la, ki montre ou genyen yon avoka, bay ofisyè a li.

Si w pa gen yon avoka, mande yon ofisyè imigrasyon yon lis avoka benevòl.

Ou gen dwa tou pou kontakte konsila ou. Konsila a kapab ede w lokalize yon avoka.

Ou ka refize siyen nenpòt/tout papye jiskaske ou gen opòtinite pou pale ak yon avoka.

Si w chwazi siyen yon bagay san w pa pale ak yon avoka, asire ou konprann egzakteman kisa dokiman an di epi vle di anvan w siyen l.

Ou gen dwa pou pale pou mande fè yon apèl telefòn ak manm fanmi oswa zanmi ou gratis si ou pa gen ase lajan sou kont ou apre 10 jou.

Depliyan sa gen objektif pou enfòmasyon jeneral sèlman epi li pa ranplase yon avi legal. Ou pa ta dwe aji oswa depann de okenn enfòmasyon ki nan depliyan sa sa w pa chèche konsèy yon avoka imigrasyon ki konpetan, ki otorize. Pou plis enfòmasyon sou kijan sa ta ka aplike nan dosye ou, tanpri kontakte avoka imigrasyon w lan oswa jwenn yon avoka imigrasyon sou <https://www.ailalawyer.org/>

